

## ENFÒMASYON ENPÒTAN KONSÈNAN SÈVIS GADRI (Haitian Creole)

Avi sa a bay enfòmasyon sou dwa ak responsablite ou pandan w ap chèche sèvis gadri pou ou kapab patisipe nan règ travay HRA.

### ***Kisa mwen ta dwe espere lè mwen ale nan Sant Travay la?***

- Ou pral gen yon randevou pou w retounen nan 15 jou apre entèvyou ak travayè w la. Pandan 15 jou, ou dwe chèche yon founisè sèvis gadri.
- Si ou pa kapab jwenn sèvis gadri pandan 15 jou, nou ka ba ou plis tan. Ou ta dwe fè travayè w la konnen nan pwochen randevou w la si w bezwen plis tan pou w chache sèvis gadri.

### **DWA OU GENYEN**

Ou gen **dwa pou:**

- **chwazi** founisè sèvis gadri ou. Founisè sa a kapab gen lisans oswa li kapab kontwole, li kapab yon manm fanmi ou, yon zanmi ou, oswa yon vwazen ou fè konfyans.
- **mete pitit ou avèk yon founisè ki “apwopriye, gen aksè fasil, konvnab epi ki pa chè”.**

<b>Apwopriye:</b>	<b>Founisè a lib pandan lè ou bezwen fè aktivite travay ou.</b> Si pitit ou gen bezwen espesyal, founisè a ap vle epi kapab satisfè bezwen espesyal sa yo.
<b>Aksesib:</b>	<b>Ou kapab ale jwenn founisè a nan otobis, tren oswa vwati,</b> epi founisè nan adrès ki sou yon distans rezonab. Distans rezonab vle di ou kapab kite lakay ou pou ale jwenn founisè a epi answit pou ale travay nan inèdtan ak 15 minit.
<b>Konvnab:</b>	<b>Founisè ak sant gadri a satisfè nòm nenpòt paran ta vle pou pitit yo.</b> Eta sante fizik ak sante mantal founisè a ak eta fizik sant gadri a oswa kay la pa ta lakòz domaj sou pitit ou (yo) oswa pa ta mete yo an danje.
<b>Pa chè:</b>	<b>Ou gen ase lajan pou peye kotizasyon nan frè swen pitit ou, si ou dwe fè sa.</b> Ou p ap gen pou peye si HRA apwouve founisè sèvis gadri ou sof si founisè a chwazi pou fè ou peye plis lajan pase tarif mache a Leta fikse. Si founisè a fè ou peye plis lajan pase sa HRA otorize ou pou peye, ou dwe peye diferans lan.

### Ou gen dwa tou pou:

- **jwenn èd** travayè sosyal ou. Si ou pa kapab jwenn sèvis gadri poukont ou, travayè sosyal ou dwe ba ou omwen **de (2) chwa founisè sèvis gadri**. Omwen youn nan founisè sa yo dwe gen lisans oswa anrejistre nan Depatman Sante Eta New York oswa nan Depatman Sante Vil New York.
- **pa pran presyon** pou aksepte yon founisè w pa santi w alèz avèk li.
- **ou pa oblije ale nan aktivite travay ou** si w gen yon timoun ki gen pi piti pase 13 lane epi w pa ka jwenn yon founisè ki ranpli kondisyon nou site la yo. Si HRA dakò pa gen sèvis gadri akseptab ki disponib, ou ka jwenn eskiz pou **apeprè 90 jou**. Ou dwe kontinye chache sèvis gadri pandan peryòd ou gen konje a. Lè peryòd konje a fini, n ap rele w ankò pou mande w kijan sitiyasyon an ye pou ou parapò ak sèvis gadri a. Si ou te fè efò avèk **bon volonte ou** pou jwenn sèvis gadri ki satisfè nòm yo men ou toujou pa kapab jwenn sèvis gadri a, ou ka kontinye jwenn eskiz la. Menmsi ou jwenn eskiz nan aktivite ki obligatwa, limit tan 60 mwa a ap toujou aplike.
- **resevwa avi alè ak konvnan** sou nenpòt chanjman nan èd pou sèvis gadri tankou sispansyon, oswa nenpòt chanjman ki fòse ou chanje founisè sèvis gadri. Si HRA jwenn yon bagay sou yon founisè oubyen sou yon sant ki ka mete an danje sante ak sekirite pitit ou pandan li nan sant sa a, sèvis gadri a ap kanpe imedyatman epi w mèt chache yon lòt founisè.
- **mande yon odisyon san patpri** pou konteste desizyon ajans lan ki vle redui oubyen kanpe Asistans Kach paske w pa ale nan aktivite travay ou paske w pa gen sèvis gadri.
- **mande yon odyans san patpri** pou konteste desizyon ajans lan pou sispann sèvis gadri a poutèt pou pa konfòme ou avèk aktivite travay la.

### RESPONSABLITE OU YO

#### Pou asire ou resevwa oswa kontinye resevwa èd pou sèvis gadri nan HRA, ou gen responsablite pou:

- **Ale nan tout randevou yo**. Si ou toujou ap chèche yon founisè sèvis gadri, nan pwochen randevou ou genyen an fè travayè sosyal ou konnen ou bezwen plis tan pou jwenn youn.
- **Fè swivi sou tout referans** travayè w la ba ou oubyen lòt pwogram k ap ede w jwenn yon founisè.
  - Rele oubyen vizite tout founisè yo refere w bay jiskaske w ka chwazi yon founisè ki apwopriye, aksesib, adapte, epi abòdab.
  - Pran nòt sou chak founisè ou vizite pou ou kapab pran yon *desizyon ki baze sou enfòmasyon* lè w ap chwazi founisè a ak sant gadri ki bon pou pitit ou. Si ou panse okenn nan founisè ou vizite yo pa bon pou ou, w ap bezwen bay *rezon valab* ki fè ou pa t chwazi founisè a. Si ou te vizite tout founisè yo te ba ou referans pou yo epi si ou toujou pa kapab jwenn yon founisè sèvis gadri, n ap ba ou plis tan pou chèche lòt founisè.
- **Toujou enfòme travayè sosyal ou sou pwogrè ou**.
- **Kontinye chèche yon founisè sèvis gadri** epi fè swivi sou tout referans yo menmsi ou jwenn eskiz nan moman an nan aktivite travay ou paske ou pa jwenn yon sèvis gadri. Se pa yon eskiz pèmanan.
- **Fè travayè sosyal ou konnen imedyatman si ou chanje founisè sèvis gadri ou**.

**Lè w ap chwazi yon founisè, poze tèt ou kesyon enpòtan sa yo:**

- Èske mwen ta santi pa gen pwoblèm pou kite pitit mwen yo nan sant sa a avèk moun sa a oswa avèk founisè sèvis gadri sa a?
- Èske timoun yo anba sipèvizyon adilt toutan?
- Ki règleman ak pwosedi pou sante ak sekirite pou jere ijans yo?
- Èske sant gadri a sanble pwòp?
- Èske founisè sèvis gadri a ofri sèvis mwen bezwen lè mwen bezwen yo?
- Èske mwen kapab ale ak retounen nan sant gadri a nan yon kantite tan ak distans rezonab?

Ou gen **dwa pou jwenn enfòmasyon** sou fason pou chèche yon founisè sèvis gadri. Gen anpil kalite resous ki disponib ki kapab ede ou jwenn sèvis gadri:

- *Divizyon ACS Sèvis Gadri ak Head Start: Rele 311*
- *Konsòsyòm Resous ak Referans pou Sèvis Gadri (Child Care Resource and Referral Consortium, CCRRC): Rele nimewo (888) 469-5999*
- *Biwo DOHMH pou Enskripsyon nan Sèvis Gadri Fanmi:*
  - Rele nimewo (646) 632-6100 oswa
  - Ale sou sitwèb: <https://a816-healthpsi.nyc.gov/ChildCare/ChildCareList.do>
- *Resous pou Timoun ki Gen Bezwen Espesyal: Rele nimewo (212) 677-4650 oswa (212) 677-4660*
- *EarlyLearn NYC: Ale sou sitwèb [http://www.nyc.gov/html/acs/html/child\\_care/for\\_parents.shtml](http://www.nyc.gov/html/acs/html/child_care/for_parents.shtml)*
- *Sèvis Gadri HRA: Ale sou sitwèb <http://nyc-csg-web.csc.nycnet/site/hra/help/childcare.page>*

(Antre Kòd Postal ou epi Chwazi yon Gwoup Laj)

Ou kapab jwenn yon lis non, adrès ak nimewo telefòn founisè sèvis gadri ki nan kòd postal ou nan men travayè sosyal ou.

<b>KALITE SÈVIS GADRI</b>	
<b>Sèvis Gadri Kontwole: Rele CCRRC nan nimewo 888-469-5999 pou jwenn plis enfòmasyon</b>	
Yon founisè sèvis gadri kontwole gen lisans oswa anrejistre nan Depatman Sante ak Sante Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) epi li konfòme li avèk kòd sante, kòd ensandi ak kòd konstwiksyon. Anplwaye li yo dwe pase tchèk medikal, karaktè, ak dosye kriminèl	
<b>Sèvis Gadri Fanmi:</b>	Swen yo bay nan kay founisè a pou apeprè sis (6) timoun (ansanm ak pitit founisè a tou). Gen pèmasyon pou sèlman de (2) timoun ki poko gen laj dezan Anpil moun bay sèvis gadri pou timoun ki gen jiska laj 13 zan.
<b>Sèvis Gadri Fanmi:</b>	De (2) founisè k ap pran swen apeprè 12 timoun nan kay yon founisè.
<b>Sant Gadri Pou Timoun Aprann Bonè:</b>	Pandan tout ane a, ACS te fè kontra avèk sant gadri kote pwofesè ak lòt ekip ki resevwa fòmasyon bay swen nan anviwònman yon salklas. Chak pwogram gen yon eleman edikasyonèl pou ankouraje preparasyon pou lekòl epi li ede timoun yo devlope sou plan fizik, sosyal ak emosyonèl.
<b>Pwogram Devlopman Timoun: Rele 311 pou jwenn plis enfòmasyon</b>	
<b>Head Start:</b>	Yon pwogram devlopman timoun k ap sèvi timoun ki gen laj 3-5 ane epi ki ofri aktivite ak pwogram edikasyonèl pou prepare timoun yo pou lekòl.
<b>Universal Pre-Kindergarten (UPK):</b>	Yon pwogram Depatman Edikasyon ki bay timoun yo yon anviwònman akeyan ak edikasyonèl pou ankouraje devlopman pozitif timoun yo bonè. Paran yo ka chwazi yon pwogram UPK nan yon lekòl leta oswa nan yon anviwònman ki baze nan kominote a.
<b>Compass NYC:</b>	Pwogram pou jèn moun ki bay yon melanj sipò akademik, aktivite espò ak aktivite lwazi ak eksperyans nan boza ak kilti gratis pandan lè apre lekòl, nan jou wikenn, epi pandan vakans lekòl. Rele DYCD's Youth Connect nan nimewo <b>1-800-246-4646</b> pou jwenn enfòmasyon sou pwogram lete.
<b>Founisè Enfòmèl/Ki Gen Egzanpsyon Legal</b>	
Se fanmi, zanmi oswa vwazen ki bay <b>swen enfòmèl</b> souvan. Founisè enfòmèl/ki gen egzanpsyon legal dwe jwenn apwobasyon yon ajans enskripsyon pou yo resevwa peman sèvis gadri sibvansyone nan Minisipalite Vil New York. Founisè a pa kapab yon paran oswa responsab legal timoun nan oswa li pa kapab sou menm dosye Asistans Kach ak timoun nan.	

**Pou Enfòmasyon ou:** Swen ki gen Lisans oswa ki Kontwole se fòm sèvis gadri pi pwoteje ak pi estab ki disponib.

**SI OU GEN KESYON, SI OU BEZWEN ÈD OSWA PLIS TAN, KONTAKTETRAVAYÈ SOSYAL OU**